



Pou Piblikasyon Imedya: 9/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NEW YORK DEPASE DEMI MILYA DOLA NAN RESÈT FISKAL SOU PARI ESPÒTIF MOBIL YO

*Nan mwens pase 10 mwa, Eta New York ap kontinye bat rekò resèt fiskal yo*

*Resèt fiskal la te reyenvesti nan edikasyon, sibvansyon pou pwogramasyon espò pou jèn ak sèvis prevansyon, tretman ak rekiperasyon pou pwoblèm jwèt aza*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a depi kòmansman mwa janvye, lè paryaj espòtif mobil te vin disponib nan New York, Eta te kolekte 542 milyon taks jiska semèn ki fini 30 oktòb la, sa ki lajman depase tout lòt eta nan nasyon an. Yo te kolekte tou yon lòt 200 milyon dola nan frè lisans, ki te jenere yon total plis 740 milyon dola nan revni, pifò ladan yo dwe itilize pou edikasyon. Sa a lajman depase tout lòt eta nan nasyon an, enkli eta ki te aksepte pari espòtif mobil pandan plizyè ane.

"Lè nou pote pari espòtif nan New York, nou pa sèlman te ouvri pòt pou divètisman responsab pou plizyè milyon fanatik espò, men nou te tou pote yon gwo revni pou sipòte lekòl yo, ansam ak espò jèn yo, pandan n ap aplike garanti enpòtan pou ede moun ki bezwen li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè de travay ki fèt pou garanti premye pozisyon eta nou an nan pari espòtif mobil, epi mwen kontan kontinye tandans lan pandan n ap jwenn plizyè santèn milyon dola pou sipòte pwogram ki pral amelyore lavi Nouyòkè yo."

Eta New York te etabli yon rekò 73 milyon dola nan resèt fiskal sou pari espòtif mobil nan mwa septanm nan, ki se p gwo kantite ke yon ki pwodwi pa nenpòt eta jiska prezan, sa ki fè li te bat pwòp rekò 63 milyon dola pa li ki te etabli an janvye. Pou kontèks, dapre rapò yo, pi gwo resèt fiskal sou pari espòtif mobil yo te pwodwi andeyò New York se Pennsylvania an Novanm 2021 nan 19 milyon dola.

**Prezidan Komisyon Jwèt Eta New York la, Brian O'Dwyer, te deklare,** "New York kontinye dirije nasyon an nan pari espòtif gras ak politik jwèt entelijan Gouvènè Hochul la ki bay rezulta reyèl transfòmatif pou Nouyòkè yo. Revni ki pwodui nan pari espòtif yo pral bay lekòl nou yo, pwogram espò pou jèn yo ak pwogram jwèt responsab yo yon sipò enpòtan."

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare**, "OASAS pare avèk sèvis ak sipò pou Nouyòkè yo ki gen difikilte ak jwèt aza. Resèt adisyonèl sa a ki soti nan pari espòtif mobil yo pral pèmèt OASAS elaji prevansyon, tretman, rediksyon domaj ak rekiperasyon sèvis enpòtan nan tout Eta a."

**Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare**, "Depi New York te antre nan mache pari espòtif mobil la nan mwa janvye, nou te kolekte plis pase 500 milyon dola nan resèt fiskal. Sa se yon reyalizasyon enkwayab — espesyalman nan yon espas tan ki se sèlman 10 mwa ak sèlman nèf operatè — ak majorite lajan sa a ki prale anvè kès edikatif eta a, pwogram jwèt kont adiksyon yo, ansanm ak pwogram espòtoif pou jèn yo. Avèk gwo kòmansman sa a, mwen pa ka tann yon pi gwo potansyèl pou ogmantasyon benefis pari espòtif mobil pou rezidan New York yo ak sezon NFL la k ap pwogrese, sezon NHL ak NBA ap kòmanse ak Seri Mondyal aktyèl la."

**Manm Asanble Gary Pretlow, te deklare**, "Mwen kontan anpil ak siksè pari espò mobil nan New York la, men mwen pa etone! Lè Senatè Addabbo ak mwen te pwopoze pwojè lwa pou legalize pari espòtif mobil la nan New York, nou te konnen fanatik yo te gen apeti pou pari paske yo te konn travèse rivyè pou parye nan New Jersey. Nou gen yon mache espòtuf solid nan New York ak ekip miltip nan chak gwo lig espòtif yo (NFL, NBA, NHL, & MLB). Siksè nou an te inevitab - se poutèt sa nou te vle enkòpore plis antite ak afilye jan sa posib. Jefò sa a se te yon sitiyasyon ganyan/ganyan pou Nouyòkè yo paske nou te jenere plizyè milyon dola nan revni pou edikasyon ak espò jèn pandan yo n pa fèmen je nou sou pwogram jwèt responsab."

Dapre GeoComply, yon antrepriz lojisyèl pari espòtif yo itilize pou asire egzijans jewolokalizasyon yo, plis pase 11.3 milyon kont jwè inik te kreye depi janvye, sa ki mennen nan plis pase 985 milyon tranzaksyon.

Lè w ap gade yon repatisyon pari pa espò depi 8 janvye 2022, Gran Lig Bezbò (Major League Baseball, MLB) te pran 2.6 milya dola epi NBA a pa te lwen ak 2.5 milya dola. Pou foutbòl, espò ki pi populè nan Etazini an, NFL te pran 1.3 milya dola nan plis pase 10 semèn sezonye regilye ak tout faz eliminatwa 2022 yo. Foutbòl kolèj te pran 406 milyon dola, ki gen ladann jwèt bòl 2022 yo ak sezon regilye aktyèl la jiska dat. Yon estatistik final pou akssantye popilarite pari espòtif mobil pwofesyonèl foutbòl nan Eta New York montre kantite mwayèn tranzaksyon dimanch depi kòmansman sezon 2022 se 5.7 milyon dola.

Jiska semèn ki te fini 30 oktòb 2022, kantite pari espòtif mobil lan se 13 milya dola epi resèt nèt la ki ale nan edikasyon se 527 milyon dola. Pou Ane Fiskal 2023 ak chak ane apre, resèt yo ki soti nan pari espòtif mobil ap distribiye konsa: 5 milyon dola pou finanse pwogram espò yo pou jèn defavorize yo, 6 milyon dola pou finanse edikasyon ak tretman pou pwoblèm jwèt aza ak rès majorite a pou ede nan edikasyon.

Chak vandredi, Komisyon Jwèt Aza Eta New York la pibliye rapò pari espòtif mobil chak semèn ki soti an men tout operatè li yo [sou entènèt isit la](#).

Règleman komisyon an egzije operatè yo pou anpeche jwèt aza pou moun ki minè, bay moun k ap parye yo disponiblite pou enpoze limit sou depans, epi bay enfòmasyon sou risk ki asosye ak jwèt aza ak siy pwoblèm jwèt aza. Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk pwoblèm jwèt aza yo oswa ki konnen yon moun ki genyen pwoblèm nan jwèt aza, ka rele liy telefòn gratis ak konfidansyèl Eta a, HOPEline nan 1-877-8-HOPENY ([1-877-846-7369](tel:1-877-846-7369)) oswa lè yo voye mesaj tèks bay HOPENY (467369). Nouyòkè yo ka kontakte tou Sant Resous Rejyonal sou Pwoblèm Jwèt Aza nan: <https://nyproblemgamblinghelp.org/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418